



Pou Piblikasyon Imedya: 05/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN PWOJÈ LARI KONPLÈ KI KOUTE 5.7 MILYON DOLA NAN SARATOGA SPRINGS

Nouvo pis pou bisiklèt ak twotwa sou Union Avenue istorik la pral amelyore aksè nan Saratoga Race Course ak distri anba lavil vil la

Yo pral asfalte Union Avenue; Travay la pral fon kanpe pou kous dete a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke travay yo kòmanse sou yon pwojè 5.7 milyon dola pou amelyore sekirite pyeton ak siklis sou Union Avenue nan vil Saratoga Springs. Pwojè Lari Konplè (Complete Streets) a pral ajoute yon nouvo twotwa ak pis pou bisiklèt sou wout enpòtan sa a, ki sèvi kòm yon pòtay nan zòn anba lavil dinamik vil la ak istorik Saratoga Race Course. Yo pral asfalte Union Avenue tou nan kad pwojè a.

"Agrandi aksè pou bisiklèt ak pyeton se yon pati esansyèl nan angajman nou pou invest nan enfrastrukt ki rekonekte kominote yo epi ki bay nouvo opòtinite pou lwazi, touris ak kwasans ekonomik", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè Lari Konplè sa a nan Saratoga Springs pral ajoute nan cham vil istorik nò eta sa a epi fè li pi fasil pou rezidan yo ak vizitè yo eksplòre tout sa li gen pou ofri san yo pa monte nan machin yo".

Pwojè a te planifye ak konsevwa pou atenn objektif inisyativ "Lari Konplè" Depatman Transpò Eta New York pou konsidere aksè ak depasman an sekirite pou itilizatè wout la ki gen tout laj ak kapasite. Pwojè Lari Konplè yo konsidere bezwen pyeton, siklis, pasaje transpò piblik, otomobilis, timoun, granmoun aje ak moun ki andikape yo. Konsepsyon Lari Konplè yo kontribye nan yon sistèm transpò ki pi pwòp ak pi adapte ak anviwònman an. An desanm, Gouvènè Hochul [te siyen lwa](#) pou bay plis sipò pou pwojè minisipal "Lari Konplè" yo atravè eta a.

Union Avenue, ke yo rele tou State Route 9P, konekte ak Adirondack Northway (Interstate 87) nan Sòti 14, ki fòmè youn nan antre nan Saratoga Springs ak ipodwòm istorik ki atire plis pase 1 milyon vizitè chak ane. Lyen wout la nan istwa kous chwal Saratoga a byen etabli. Nan mwa out, Gouvènè Hochul te deziyen Union Avenue kòm "Marylou Whitney Way," nan non defen filantwòp ak prensipal kominote Saratoga a. Dapre kèk rimè, defen ak jounalis espòtif lejandè Red Smith te bay enstriksyon sa yo pou Saratoga Race Course a: "Soti nan Vil New York ou kondwi nan direksyon nò pou apeprè 282 km, vire agoch sou Union Avenue epi retounen 100 ane".

Kòm yon pati nan pwojè a, Depatman Transpò Eta New York (NYSDOT) pral enstale yon nouvo twotwa ki konfòm ak Lwa sou Ameriken Andikape yo sou bò nò Union Avenue pou konekte Polk Avenue ak New York Racing Association Gate 16 ak East Avenue. Yo pral pentire pis bisiklèt senk pye lajè nan tou de direksyon ant East Avenue ak Henning Road.

Y ap asfalte yon pati prèske senk kilomèt nan Union Avenue ant East Avenue ak pon sou Saratoga Lake epi y ap ajoute nouvo estrikti drenaj ant East Avenue ak Henning Road pou amelyore sikilasyon dlo lapli. Yo pral diminye direksyon lwès Union Avenue pou li vin yon sèl vwa pandan konstriksyon an; sepandan, p ap gen travay ki pral otorize fèt pandan sezon kous ete a. Rès travay la pral reprann apre Fèt Travay la. Yo programe pou pwojè a an antye fini disi jen 2024.

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Saratoga Springs ak Saratoga Race Course se jwayo Rejyon Kapital la epi yo pami atraksyon ki pi popilè nan Eta New York. Avèk amelyorasyon sa yo nan Union Avenue, n ap rann li pi fasil pou rezidan ak vizitè zòn yo kite machin yo dèyè epi fè eksperyans Saratoga nan mache oswa monte bisiklèt - sa k ap pèmèt tout moun jwi istwa ak vitalite kominote sa a ak destinasyon lwazi popilè li yo".

Senatè Eta Jim Tedisco te deklare, "Nouvo pis bisiklèt ak twotwa sa a sou Union Avenue nan Saratoga Springs pral bay rezidan yo ak vizitè yo nan istorik Saratoga Race Course a yon fason ki an sekirite ak pratik pou yo mache, monte bisiklèt, ak fè egzèsis nan Vil Tèmik (Spa City) la".

Manm Asanble Eta Carrie Woerner te deklare, "Mwen eksprime anvè rekonesans pou Gouvènè Hochul pou gwo pwojè sekirite sa a ki nesèsè anpil poutèt itilizasyon entans Union Avenue, espesyalman pandan sezon kous yo. Avèk pakin ak ekiri chwal yo sou tou de bò Union lan, gen touris, travayè ak chwal ras pi k ap travèse pandan lajounen kou lannwit, anplis machin, bisiklèt, kabwèt gòlf ak kamyon ki plen zèb. Pwojè Lari Konplè Depatman Transpò sa a pral ogmante sekirite tout moun anpil epi mwen pa ta ka plis kontan pase sa".

Theodore T. Kusnierz, Jr., Prezidan Konsèy Sipèvizè Konte Saratoga, te deklare, "Nan Konte Saratoga, nou te fè li yon priyorite pou sipòte fason ki sekirite pou pataje wout la ak pyeton ak siklis yo atravè inisyativ santye nou an, ki kreye ak ankouraje mache ak monte bisiklèt nan tout konte a. Kreye plis kominote ki adapte pou mache ak monte bisiklèt, espesyalman nan pi gwo vil nou an Saratoga Springs, ede kenbe estati Konte Saratoga kòm youn nan konte ki pi an sante nan Eta New York. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak Depatman Transpò Eta New York dèske yo te investi nan Konte Saratoga atravè inisyativ 'Lari Konplè' a".

Majistra Vil Saratoga Springs lan, Ron Kim, te deklare, "Mwen trè kontan, Gouvènè Hochul ap fè investisman santye ki gen plizyè itilizasyon sa a nan kominote nou an. Administrasyon mwen an pwomouvwa ak konstwi rezo ki konekte pou wout pou bisiklèt

ak pyeton nan tout vil la pou diminye emisyon gaz a efè sè yo, diminye sikilasyon machin, epi finalman fè Saratoga vin pi aksesib pou tout rezidan li yo epi pwoteje anviwònman an pou jenerasyon k ap vini yo. Pwojè sa a se yon pati enpòtan nan efò sa a ak yon eleman enpòtan nan aplikasyon plan Lari Konplè nou an".

Nou ankouraje otomobilis yo anpil pou yo ralanti epi kondui nan yon fason responsab nan zòn travay yo. Kontravansyon yo double lè gen eksè vitès nan yon zòn travay. Kondanasyon pou de (2) oswa plis vyolasyon eksè vitès nan yon zòn travay kapab lakòz yo revoke lisans chofè yon moun.

Otomobilis yo dwe sonje pou mete yo sou kote, si li posib san danje, oswa pou yo ralanti anpil nenpòt lè yo rankontre veyikil sou bò wout la ki afiche limyè wouj, blan, ble, an ak vèt, ki gen ladan veyikil antretyen ak konstriksyon nan zòn travay yo.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon yo, rele 511, vizite www.511NY.org oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la.

Swiv DOT Eta New York sou Twitter: [@NYS DOT](https://twitter.com/NYS DOT). Jwenn nou sou Facebook nan facebook.com/NYS DOT. Pou resevwa twit ki soti nan DOT Eta New York Rejyon 1 (ki kouvri Rejyon Kapital la), suiv [@NYS DOT Albany](https://twitter.com/NYS DOT Albany).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)